# Ku ray koo séqal kóllëre, du xeeñcu xetug Àjjana, te dinanteem ak xetam ga soree ni doxub ñent-fukki at

Jële na ñu ci Abdulaa Ibn Amr -yal na leen Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: "Ku ray koo séqal kóllëre, du xeeñcu xetug Àjjana, te dinanteem ak xetam ga soree ni doxub ñent-fukki at".
[Wér na] [Al-buxaariy soloo na ko]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day leeral tëkku gu tar gi ñuy tëkku ku ray boroom kollëre -te mooy yéefar bu dugg ci biir réewum jullit ci kollëre ak kaaraange- ci ne du xeeñcu xetug àjjana, te xetam ga dana soree ni doxub ñent-fukki at.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC
E-Da'wah Committee